



Mizajou Enfòmasyon sou Kowonaviris 20 Mas, 2020

Kòm kominote nou ap fè fas a yon sityasyon san presedan ke kowonaviris kreye, lekòl piblik, *Broward County Public Schools (BCPS)*, pran angajman sipòte bezwen edikatif elèv nou ak fanmi-yo.

Nan semenn ki sot pase, BCPS bay enfòmasyon sou sijè ki enpòtan tankou enfòmasyon sou plan aprantisaj kontini Distri a, distribisyon konpitè pou ede ak aprantisaj sou Entènèt, dejene ak manje midi gratis pou tout elèv ak fanmi-yo, mizajou enfòmasyon sou ekzamen Leta dapre annons Depatman Edikasyon Leta Florid pibliye, ak plis ankò.

Ou ka jwenn aksè a enfòmasyon sou sit browardschools.com/coronavirus, men pou fasilite lekti ou nou prepare rezime sa:

Enfòmasyon Jeneral pou tout Fanmi

- TOUT lekòl ap rete fèmen jouk rive 15 Avril, 2020.
- Enstriksyon nan Entènèt ap kòmanse le Lendi 30 Mas, 2020, pou tout elèv. Ale sou sit browardschools.com/learningnevercloses
- Enpak fèmti lekòl genyen sou etid akademik elèv-yo: bit.ly/3a9AX6n
- Mizajou sou ekzamen Leta ak lòt kondisyon ki ekzijib: bit.ly/33Bm6zu
- Enfòmasyon sou jan pou w jwenn de (2) mwa gratis koneksyon Entènèt avèk COMCAST: Vizite sit internetessentials.com oswa rele gratis nan liy telefòn, nimewo 1-855-846-8376.

Vakans prentan, 23 – 27 Mas, 2020

- Tout ofis Distri a FÈMEN pou Vakans Prentan, 23 – 27 Mas. Pou w rete enfòm, ale regilyèman sou sit browardschools.com/coronavirus pou mizajou enfòmasyon
- Tout kan ki òganize pandan Vakans Prentan ANNILE; bit.ly/2Uri7fR
- Distri a pap sèvi manje pandan Vakans Prentan. Sèvis dejene ak lench ap reprann nan semenn 30 Mas, 2020, avèk nouvo lekòl k'ap asire distribisyon manje

Semenn 30 Mas, 2020

- Tout lekòl ap rete fèmen. Elèv-yo dwe ale nan klas lè yo konekte sou sit Entènèt sso.browardschools.com
 - Klike sou Canvas tile sou dashboard ou pou w fè konnen ou prezan nan saldeklas.
 - Ou va jwenn enfòmasyon ak sa pou ou fè, enfòmasyon sou lè pwofesè a va sou sit Entènèt, nan saldeklas Canvas ou "Canvas Classroom"
 - Elèv k'ap fè klas primè (elementary students) va pran yon klas Canvas apa pou klas Ar, mizik, etc (specials)
 - Elèv ayeskoul ak elèv midèleskoul va pran yon klas Canvas apa pou chak klas
- Distri a va reprann distribisyon manje, dejene ak manje midi, le Lendi, 30 Mas. Nou va annonse ki lekòl epi nan ki lè, n ap sèvi manje. Ou va jwenn tout enfòmasyon sou sit browardschools.com/coronavirus.

Pou plis enfòmasyon ak mizajou, vizite sit browardschools.com/coronavirus.

**Tanpri pran nòt chanjman nan enfòmasyon va fèt
touttan epi mizajou enfòmasyon va fèt ositoke posib.**

The School Board of Broward County, Florida Lori Alhadeff • Robin Bartleman • Heather P. Brinkworth • Patricia Good • Donna P. Korn
Laurie Rich Levinson • Ann Murray • Dr. Rosalind Osgood • Nora Rupert • Robert W. Runcie, Superintendent of Schools

The School Board of Broward County, Florida, entèdi tout regleman oswa pwosedi ki lakòz diskriminasyon sou baz laj, koulè po, andikap, idantite seksyèl, espresyon seksyèl, eta sivil, nasyonalite, ras, relijyon, sèks oswa oryantasyon seksyèl. School Board bay Boy Scouts ak lòt gwoup jenn ki deziye, aksè egal. Moun ki vle pote plent kont diskriminasyon ak/oswa arasman ka kontakte Direktè, depatman Equal Educational Opportunities/ADA Compliance Department & Kodonatè Ekite Distri ak/Kodonatè Title IX nan nimewo 754-321-2150 oswa Teletype Machine (TTY) 754-321-2158. Dapre amannman Iwa Americans with Disabilities Act Amendments Act of 2008 (ADAAA), moun ki bezwen akomodasyon ka kontakte depatman Equal Educational Opportunities/ADA Compliance Department nan nimewo 754-321-2150 oswa Teletype Machine (TTY) 754-321-2158. browardschools.com